Хьид махуэ лъапIэмкIэ дынывохъуэхъу!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№176 (21.584) ● 2009 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 19, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Сэхьу В. Кь. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Республикэм и властымрэ управленэмрэ я органхэм хьэлэду илъэс куэдкlэ зэрыщылэжьам икIи жылагъуэ лэжьыгъэм жыдэжру зэрыхэтым папщlэ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Щlыхь тхылъыр етын **Сэхьу Владимир Къасболэт и къуэм.**

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм фокIадэм и 11-м
№134-УП

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Ухуэныгъэм и Iэнатlэм щlэ фIыщlэм папщlэ икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм кIыхькlыу

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Щlыхь тхылъыр етын

Хочуев Алий Таукъан и къуэм - «Ремонт-хуэакlуэ управленэ» жаIуэрэ обществэ зэIуакlэ генеральнэ директорым,

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и уэхакIуэ» щIэ лъапIэр фIэщын

Бэджыдэ Мухьэмэд Хьэсэн и къуэм - «Къэббалкъгражданстрой» ООО-м и генеральнэ директорым.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм фокIадэм и 14-м
№135-УП

Депутат ныбжьыщIэхэр Къэрал Думэм щызопсалъэ

2009 гъэм фокIадэм и 16-м УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм щекIуэкIащ парт зэмылIэужьыгъуэхэм къабгъэдэкIыу депутату хаха щIалэгъуалэм кьызэрагъэпэща зэгухьэныгъэм и зи чэзу зэIущIэр. Ар теухуауэ щытащ УФ-м и Президент Медведев Дмитрий «Япэкlэ, Урысей!» и тхыгъэм ксыщIэтэ Iуэхуэхм: иджырей дунейм ухуэкIэмрэ къэралхэм я зэхущытыкIэхэр зэтегъэуэвэныпхэ яхуэгъэзауэ Урысейм иIэ мыхьэнэм, къэрал кIуэцIым щыIэ шынагъуэхэм, политикэ Iэнатlэм и закон лъабжьэхэр къэгъэщIэрэщIэжьным къыриубгъуэхэм, къэралым ихь социальнэ жуэлпыныгъэм, ар къэIэтыныкIэ щыIэ Iэмалхэм. ЗэIущIэм кьырихьэлIащ Къэрал Думэм и депутатхэр, Урысей Федерацэм и субъектхэм законхэр кьыдэзыгъэкI я органхэм я депутатхэр. Абыхэм ирагъэкIуэкIа псалъэмакъым къыкIуэахэм тету зэхэлъхьанущ Правительствэм, Къэрал Думэм, УФ-м и субъектхэм я къэрал властым и органхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм яхуэгъэза чэнджэщхэр.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щыщу а псалъэмакъым ирихьэлIащ мы гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм УФ-м и Президентыр «Зыуэщыт Урысей» партым и щIалэгъуалэ лIыкIуэхэм щахуэзам хэта Йуан Асльэн. Налшык къалэм и щIыпIэ самоуправленэм и советым и депутатыр.

Нэщикlыж хьидым ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен щIыхуэхэм

Зэрызахуигъазэр

ПЩЭДЕЙ мусЛъымэну дунейм ятет псоми ягъэлъапIэ махуэшхэр нэхъ гуфIэгъуэ дыдэхэм ящыщыр - Нэщикlыж хьидыр. Республикэм и мусЛъымэнхэм си гуапэу сохъуэхъу Нэщl мазэр зэриухыжмкlэ.

Нэщикlыж хьидыр псапэ щIэныфрэ гущIэгъуэмрэ я гуфIэгъуэщ. БлэкIа мазэм кьэриубыдэу мусЛъымэнхэр, кьабзагъэмрэ псапэмрэ я пльапIэу, Ди щхьэщыгу итым хуэлыщIащ. АтIэ нобэрей махуэм ди хэкуэгъуэм я тхьэпЭлуэр, я пльапIэ нжуэмрэ мурад кьабзэхэмрэ кьарехьулIэ.

Мы махуэм ехьэлIауэ мусЛъымэнхэм, дыщалъхуа Къэбэрдей-Балкъэрым ис псоми сохъуэхъу узыIишагъэ, мамырыгъэ,efIэкIуэныгъэ яIэну.

● Муфтийм и псалъэ

НэщI мазэр идогъэжьэж, Тхьэм хуэлэжьэным кьыпыдощэ

МУСЛЪЫМЭНЫГЪЭКIЭ си кьуэшэ, си шыпхъуэх! Рэмэзан мазэ лъапIэр и кIэм нэсащ. Ар щытащ гъэунэкуныгъэ, Тхьэм и гущIэгъуэр кьыщыгъгъэс, ди гуэныхэр кьыщыхгъуигъэсу, ахьэрэтыфIэ дыщигъэгуГъэ мазэу. Алыхьым Iэмалыфlэр кьыдитри, ди кьарум дэдгъэхуащ дынэщIыныр, жэщхэми жейм зыхуэдгъэныкьуэхуэр, нэмэзэр тщIыныр, турыхьхэм дыхэтыныр, псапащ Iуэхуэхэр длэжьыныр.

Рэмэзанэр щытащ мамырыгъэм, зэгурыIуэныгъэм, зэдэIэпыкъуным, пщIэ зэхуэщIыным жыджэру телажьэ лъэхьэнэ телъыджэу. МусЛъымэнхэр дыжщIэжь ущащ Алыхьыр арэзы кьызэрытхуэхъуным, Абы и тыгъэ гъуэзэджэхэр кьызыпэкIуэн Iуэхуэфlэхэр зэрыдгъэзэщIэным. Ди мурадхэр кьыдэхъуIауэ Тхьэм кьыщIигъэкI!

Ди бегъымбар лъапIэу Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам жиIагъащ мыпхуэдэу: «... Хэт Рэмэзан мазэм гурэ псэкIэ и кьалэнхэр игъэзэщIами, гуэныхьу нэхьапэм кьытехуахэр кьыхуоГъ у, щIэрыщIэу кьалъхужам хуэдэу».

Нэщl мазэр иухами, нэщыным дяпэкIи кьыпыпщэ хьунущ. Зи гугъу сщIыр Шэуал мазэм хэбнэщыкIыпхьэ махуихырщ, бльщхьэ, махуэку махуэхэрщ, мазэм и кум хиубыдэ махуищрщ. НэгъуэщI Iэмалхэри щыIэщ нэщIыну хуейхэм кьагъэсэбэпыну.

Нэщl мазэр кьыздэщекIами, зэрыгурыIуэгъэ зэщи, зэпыдгъэу хьунукъым Тхьэм хуэлэжьэныр, дин хабзэхэр гъэззэщIэныр. Мухьэмэд бегъымбарым и псальэщ мыхэри: «Щыху Iейхэрэ нэщl мазэм и зэманым фIэкIа Алыхьэр зи гум кьэзымыгъэкIэр». Мыпхуэдэуи жиIащ: «Алыхьым и щIасэщ, мыкуэдми, зэпымыууэ Iэхуэфlэхэр зыпIэкьхэр».

Аращи, фи Iиманым, Iэуэкьыфlхэм хэвгъахьуэ! Сынывохъуэхъу кьэвнэщIар Тхьэм кьабылу фIихыну, абы фIыгъуэ куэд кьыф хуэдэкIуэну, мамырыгъэ, нэмыс, насып зэи фыщымыщIэну, гукьыдэжкрэ дэрэжьгъуэрэ фIи1эу етIанэгъэ нэщI мазэм фынэсыну!

ПЩЫХЬЭЩIЭ Iэнас,
КъБР-м и мусЛъымэнхэм я Iуэхущапlэм и унафэщI, муфтий.

Джэгуакlуэ щэджащэм и фэеплъ зэхьихьэм кьыщопсалъэ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Фырэ Руслан. Абы кьыбгъурытщ Къаздэхъу СулътIан и къуэрылъку Къаздэхъу Азэмэт.**

● Фэеплъ

Артистышхуэм и щIыхькIэ

КъБР-м и цIыхуфа артист, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист Къаздэхъу СулътIан Хьэмид и къуэм и цIэр ди республикэм и щэнхабзэ тхылъэм игъащIэкIэ кьыхэнэнхуэхэм ящыщщ. Абы и ахтер Iэзагъым, утыкум щигъэлъагъуэ образхэм димыхьэх щымыIэми ярейт. ФокIадэм и 17-м Налшык кьыщызэIуахащ а артист гъуэзэджэм и фэеплъ аллеерэ мывэ пхъэбгъуэ.

ЩIИМЫЧЭУ къешх бжьыхьэпэ уэшхым «имыгъэшынэу» зэIущIэм цIыху куэд къыщызэхуэсат, фIыуэ ялъагъуу щыта артистыр зэращымыгъупщар кьагъэлъагъуэу. Абы кьрихьэлIат щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэр, Къаздэхъу СулътIан и ныбжьэгъуу, лажьэгъуу щытахэр, абы и творчествэм дихьэхэр. Къызэхуэсахэм яхэт актер цIэрыIуэм и къуэрылъку **Къаздэхъу Азэмэти**. Арат и адэшхуэм и щIыхькIэ фэеплъ пхъэбгъу фIэдзэнымрэ жыгыщIэхэр гъэтIысынымрэ жэрдэм зыщIар. ЩIалэм и мурадыр кьыдиныгъащ Налшык къалэ администрацэм.

Фэеплъыр къыщызэIуах пэкIэм къыщыпсалъащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Фырэ Руслан**, Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и художественнэ унафэщI **Шыбзыхьуэ Басир**, УФ-м Творчествэмкlэ и академием и унафэщI **Гладышев Георгий**, Налшык къалэ округым и щIыпIэ самоуправленэм и советым и Iэтащхьэ **Мураевым Игорь** сымэ. Къызэхуэсахэм Къаздэхъу лъэпкъым къыбгъэдэкIыу фIыщIэ яхуищIащ **Къаздэхъу Олег**. ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и пашэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Къумахуэ Мухьадин**.

Фэеплъ мывэшхуэр щIэзыхъуэ тепъхуэр Iэгуауэ иным щIэту трахри, къызэхуэсахэр аллеем ирикIуащ артист цIэрыIуэр илъэс 25-кIэ щыпсэуа унэм хуэкIуэу.

ТЕМЫР Лаца
(Аллеем и тепIэр, 2-нэ нап. тетщ).
Сурэтхэр **КЪАРЕИ Элинэ** *трихащ.*

■ Абы дегъэпIейтей ■ Махуэгъэпс ■ Гукъэкlыжьэр
КЪЭБЭРДЕЙ
■ Спорт Щэбэт къыдэкIыгъуэ ■ Малъхъэдис

Зэныбжьэгъугъэр ягъэбыдэ

АБХЪАЗ. ***Никарагуам нэгъуэщI къэрал Iуэхуэхмкlэ и министр Сантос Самуелрэ Абхъазым нэгъуэщI къэрал Iуэхуэхмкlэ и министрым и къуэдзэ Квинджие Максимрэ къэралитIым дипломат зэпыщIэныгъэ зэрызэращIылIэм щыкьэт теухуауэ дэфтэрым иджыблагъэ Iэ тралъащ.**

АБЫ кьыздэсыщыщыщыкIэ, Никарагуамрэ Абхъазымрэ политикэ Iуэхуэхэм, щIэныгъэ-техникэ, экологие, гуманитар, щэнхабзэ Iэнатlэхэм щызэдзэжьэнущ. Апхуэдэуи къэралитIым я правительствэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ зэпыщIэныгъэхэр зэхуэIэнущ.

- Iэ зэщIэддзу мыхъур зытедгъэувэжа мы дэфтэрыр и щыхьэтщ Абхъазыр къэралыгъуэ щхьэхуэу Никарагуам кьызэрильытам, - жиIащ Сантос Самуел.

Абы и псальэм пэджэжу Квинджие Максим кьыхигъэщащ Абхъазым дежкlэ лъэныкъуитIым зэтрауба зэпыщIэныгъэм тхыдэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр икIи Никарагуар я ныбжьэгъуфIу зэрыщытынур.

Мейкъуапэ къалэр ягъэдахэ

АДЫГЕЙ. ***Къалэ гъуэгуанэмрэ паркымрэ зэрагъэпэщыжьын папщIэ, республикэ бюджетым кьыхэкIыу Мейкъуапэ къалэ администрацэм ахъшэ хуэатIыпIынущ.***

МЕЙКЪУАПЭ къалэ администрацэм и пресс-Iуэхущапlэм кьызэритамкlэ, гъэзэгуэм елэжьным сом мелуан 60-м щIигъу хухахынущ. Къалэ паркыр зыхуэй хуагъэзэн щхьэкIэ сом мелуани 100 бюджетым кьыхахынущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Iэщэ ищIкъым

- Ираным и ядерие Iуэхуэхэр зэтриГъэувыIэну зигъэхьэныркъым. Къухьэщ1эм и къэралхэм яту игъэзэгъэн кьудей щхьэкlэ, - жиIащ а къэралым и президент Махьмуд Ахмединежад. Америкэм и «NBC-TV» телекомпаниием интервью щиритым. - Зи гугъу фиIыр ураныр Iуэху мамырхэм кьыщыгъэсэбэныр ары, абы щыщIа гъэкьыгъэхэр Ираным зэи щигъэтыпкъкъым.

Ядерие Iэщэ Ираным ищIынкlэ зэрышыногъэм сыт хуэдиз пэж хэлъми жуналистхэр щыщIэущIэм, абы жуэап пыухыкIа итакъым:

- Дэ дыхуэныкъуэкъым ядерие Iэщэ. Абы дыщIыхуэныкъуэн щхьэусыгъуэ тлъэгъуакъыми, дуней псом ди мурадхэри кьыддеIыгъ, - жиIащ Ахмединежад.

И Iиманэ, США-ми, Кьухьэпlэм и къэралхэми Ираныр ягъэкъуанщ - мамыр Iуэхуэхмкlэ щIиуфауэ, атом Iэщэ ищIу жаIэ. Арщхьэкlэ Атом энергиемкlэ дунейпсо агентствэм (МАГАТЭ) иIкъым Ираным атом Iэщэ ищIу зыхахуаIэр зэрыпэжьым и щыхьэт гуэрн.

Хэт хьыбар яIэрызыгъэхьар?

США-м и Къэрал департаментым и дIыкIуэм и къуэдзэ Кроули Филипп зэрыжиIамкlэ, ахэр тэмэму щыгъуазэкъым ПРО системэм екьэлIауэ Iуэхуэм игъэхуэкIыныгъэхэм я хьыбар Урысейм и ушафIхэм яIэрыгъэхьар хэтми.

ИтIани, ПРО системэм и Iуэхуэхрат Урысей Федерацэмрэ США-мрэ зэгурыIуэным



пэщыжьын папщIэ, республикэ бюджетым кьыхэкIыу Мейкъуапэ къалэ администрацэм ахъшэ хуэатIыпIынущ.

МЕЙКЪУАПЭ къалэ администрацэм и пресс-Iуэхущапlэм кьызэритамкlэ, гъэзэгуэм елэжьным сом мелуан 60-м щIигъу хухахынущ. Къалэ паркыр зыхуэй хуагъэзэн щхьэкIэ сом мелуани 100 бюджетым кьыхахынущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Зэрызахуигъазэр

ПЩЭДЕЙ мусЛъымэну дунейм ятет псоми ягъэлъапIэ махуэшхэр нэхъ гуфIэгъуэ дыдэхэм ящыщыр - Нэщикlыж хьидыр. Республикэм и мусЛъымэнхэм си гуапэу сохъуэхъу Нэщl мазэр зэриухыжмкlэ.

Нэщикlыж хьидыр псапэ щIэныфрэ гущIэгъуэмрэ я гуфIэгъуэщ. БлэкIа мазэм кьэриубыдэу мусЛъымэнхэр, кьабзагъэмрэ псапэмрэ я пльапIэу, Ди щхьэщыгу итым хуэлыщIащ. АтIэ нобэрей махуэм ди хэкуэгъуэм я тхьэпЭлуэр, я пльапIэ нжуэмрэ мурад кьабзэхэмрэ кьарехьулIэ.

Мы махуэм ехьэлIауэ мусЛъымэнхэм, дыщалъхуа Къэбэрдей-Балкъэрым ис псоми сохъуэхъу узыIишагъэ, мамырыгъэ, efIэкIуэныгъэ яIэну.

● Муфтийм и псалъэ

НэщI мазэр идогъэжьэж, Тхьэм хуэлэжьэным кьыпыдощэ

МУСЛЪЫМЭНЫГЪЭКIЭ си кьуэшэ, си шыпхъуэх! Рэмэзан мазэ лъапIэр и кIэм нэсащ. Ар щытащ гъэунэкуныгъэ, Тхьэм и гущIэгъуэр кьыщыгъгъэс, ди гуэныхьэхэр кьыщыгъуигъэсу, ахьэрэтыфIэ дыщигъэгуГъэ мазэу. Алыхьым Iэмалыфlэр кьыдитри, ди кьарум дэдгъэхуащ дынэщIыныр, жэщхэми жейм зыхуэдгъэныкьуэхуэр, нэмэзэр тщIыныр, турыхьхэм дыхэтыныр, псапащ Iуэхуэхэр длэжьыныр.

Рэмэзанэр щытащ мамырыгъэм, зэгурыIуэныгъэм, зэдэIэпыкъуным, пщIэ зэхуэщIыным жыджэру телажьэ лъэхьэнэ телъыджэу. МусЛъымэнхэр дыжщIэжь ущащ Алыхьыр арэзы кьызэрытхуэхъуным, Абы и тыгъэ гъуэзэджэхэр кьызыпэкIуэн Iуэхуэфlэхэр зэрыдгъэзэщIэным. Ди мурадхэр кьыдэхъуIауэ Тхьэм кьыщIигъэкI!

Ди бегъымбар лъапIэу Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам жиIагъащ мыпхуэдэу: «... Хэт Рэмэзан мазэм гурэ псэкIэ и кьалэнхэр игъэзэщIами, гуэныхьу нэхьапэм кьытехуахэр кьыхуоГъ у, щIэрыщIэу кьалъхужам хуэдэу».

Нэщl мазэр иухами, нэщыным дяпэкIи кьыпыпщэ хьунущ. Зи гугъу сщIыр Шэуал мазэм хэбнэщыкIыпхьэ махуихырщ, бльщхьэ, махуэку махуэхэрщ, мазэм и кум хиубыдэ махуищрщ. НэгъуэщI Iэмалхэри щыIэщ нэщIыну хуейхэм кьагъэсэбэныр ары.

Нэщl мазэр кьыздэщекIами, зэрыгурыIуэныгъэ зэщи, зэпыдгъэу хьунукъым Тхьэм хуэлэжьэныр, дин хабзэхэр гъэззэщIэныр. Мухьэмэд бегъымбарым и псальэщ мыхэри: «Щыху Iейхэрэ нэщl мазэм и зэманым фIэкIа Алыхьэр зи гум кьэзымыгъэкIэр». Мыпхуэдэуи жиIащ: «Алыхьым и щIасэщ, мыкуэдми, зэпымыууэ Iэхуэфlэхэр зыпIэкьхэр».

Аращи, фи Iиманым, Iэуэкьыфlхэм хэвгъахьуэ! Сынывохъуэхъу кьэвнэщIар Тхьэм кьабылу фIихыну, абы фIыгъуэ куэд кьыф хуэдэкIуэну, мамырыгъэ, нэмыс, насып зэи фыщымыщIэну, гукьыдэжкрэ дэрэжьгъуэрэ фIи1эу етIанэгъэ нэщI мазэм фынэсыну!

ПЩЫХЬЭЩIЭ Iэнас,
КъБР-м и мусЛъымэнхэм я Iуэхущапlэм и унафэщI, муфтий.

Хэт нэхъ щIэпхьаджащIэ?

ЩIэпхьаджагъэу къэралым щалъжьым зэрыхэхьуэр ямыгъэ Сьерро-Леоне зыкъыщыныдэхуэм иолитэр Iыцикlэ яхуэщащ. И нэхъ мащIрауэ абыхэм щIыхуэ 3 ящIащ, 11 уIэгъэщ.

Африкэм щыIэ Фритаун къэралым и къалащхьэ щыпсэуахэм зыкъалэтын хуей щIэхъуар полицэр щIэпхьаджащIэхэм ятелъэщтэкъыми аращ. УIэгъэхэр зрашIэла сымаджэщхэм ящыщ зым хьыбар кьызэрыратыкIамкIэ, полицейхэм кьагъэсэбэпар зауэм, цIыху укIыным хуэщIа шэм хуэдэщ. Полицэр щылажьэ уиэм мафIэ щIадзэну щыжаIэм, абы и лэжьакIуэхэм япэу кьапащIэхуэхэр кIэрахьуэрэ автоматкIэ хахуэкIыкIащ.

Мы махуэхэм

ФокIадэм и 19, щэбэт

⊙1944 гъэм Финляндиемрэ абы и ныкъуэкъуэгъу къэралхэмрэ мамырыгъэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ. Илъэс 15 и пэ Сумоуссалми (Финляндие) кьыщызэIуахащ 1939-1940 гъэхэм екIуэкIа совет-фин зауэм зэкIуэда совет зауэлIхэм я фIепль.

⊙ООН-м хэт къэралхэм 1949 гъэм Iэ щIадзащ гъуэгуэм зэрыщызекIуэ дунейпсо хабзэм и конвенцэм.

⊙ФокIадэм и 19-20-хэм Белоежскэ мэзым (Белоруссие) щагъэлъэпIэнущ аз заповедник зэращIрэ илъэс 600 зэрырикъур.

⊙1860 гъэм Налшыки Владикавказ бгырыс щколхэр кьыщызэIуахащ щытащ.

⊙Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 6-рэ дакьикьэ 48-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 19-рэ дакьикьэ 13-м.

⊙Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакьикьэ 25-рэ.

ФокIадэм и 20, тхьэмахуэ

⊙Осетие Ипщэ Республикэм и къэрал гуфIэгъуэщ - 1990 гъэм къэрал щхьэхуит хъуащ.

⊙Илъэс 490-рэ и пэкIэ Фернан Магеллан ди Щыгъуэм и хьурежьакIэ псым тету къыщыкIухьащ. Аращ япэу ЩIыр ихъуреягъкIэ къэзыкIухьар, ар зэрыхъурейми, Дунейпсо хыр зыуэ зэрыщытыми я щыхьэтхэр кьезыхьэлIэу кьекIуэлIэжар.

⊙1936 гъэм Бахьсэн ГЭС-р ладжэу ягуГъэщащ.

⊙Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 6-рэ дакьикьэ 49-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 19-рэ дакьикьэ 11-м.

⊙Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакьикьэ 22-рэ.

ФокIадэм и 21, блыщкъэ

⊙Мамырыгъэм и дунейпсо махуэщ.

⊙Армение Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - 1991 гъэм къэрал щхьэхуит хъуащ.

⊙Мальтэ Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - 1964 гъэм къэрал щхьэхуит хъуащ.

⊙Илъэс 265-рэ и пэкIэ (1744 гъэм) Оренбург и губернаторым и упафкlэ, Кинель псым и Iуфэм, губгъуэ кьабзэм лъапсэ щауэхэр щIадзат Украинэм щыщ къэзакъ (шэрджэс) унагъуэу 46-м. Абы кьызэрагъэпэщащ Кинель-Черкасскэ слободар, ирадзыкI Кинель-Черкасы къуэкIэр (Самарэ областым и районым и къалащхьэщ).

⊙Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 6-рэ дакьикьэ 50-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 19-рэ дакьикьэ 9-м.

⊙Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакьикьэ 19-рэ.

ФокIадэм и 22, гъубж

⊙Бжьыхьэ махуэмрэ жэщымрэ я кIыхьагъэр зэхуэдэ махуэ.

⊙Дунейм и кьалэ 1100-м щIигъум автомобиль кьыщамыгъэсэбэп махуэ щрагъэкIуэкI.

⊙ПIылыр хьумэным и дунейпсо махуэщ.

⊙1908 гъэм Болгариер щхьэхуит щыхъуа махуэщ.

⊙Нью-Йорк, ООН-м и Ассамблее Нэхьыщхьэм и сессием хэту, зы махуэкIэ щекIуэкIынущ дунейм и щытыкIэм зэрызихъуэжьым тепсэлъыхьынкъэ зрагъэблагъэ зэхьыхьэр.

⊙Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 6-рэ дакьикьэ 51-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 19-рэ дакьикьэ 7-м.

⊙Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакьикьэ 16-рэ.

ПIалъэмэр зыгъэхьэзырар ГЪУЩIО Зарифи.

Лъэпкъ Iуащыгъэ:

Щхьэж къэзылъху ещхь мэхъуж.

Артистышхуэм и щIыхькIэ

КъБР-м и цIыхуфа артист, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист Къаздэхъу СулътIан Хьэмид и къуэм и цIэр ди республикэм и щэнхабзэ тхылъэм игъащIэкIэ кьыхэнэнхуэхэм ящыщщ. Абы и ахтер Iэзагъым, утыкум щигъэлъагъуэ образхэм димыхьэх щымыIэми ярейт. ФокIадэм и 17-м Налшык кьыщызэIуахащ а артист гъуэзэджэм и фэеплъ аллеерэ мывэ пхъэбгъуэ.

ЩIИМЫЧЭУ къешх бжьыхьэпэ уэшхым «имыгъэшынэу» зэIущIэм цIыху куэд къыщызэхуэсат, фIыуэ ялъагъуу щыта артистыр зэращымыгъупщар кьагъэлъагъуэу. Абы кьрихьэлIат щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэр, Къаздэхъу СулътIан и ныбжьэгъуу, лажьэгъуу щытахэр, абы и творчествэм дихьэхэр. Къызэхуэсахэм яхэт актер цIэрыIуэм и къуэрылъку **Къаздэхъу Азэмэти**. Арат и адэшхуэм и щIыхькIэ фэеплъ пхъэбгъу фIэдзэнымрэ жыгыщIэхэр гъэтIысынымрэ жэрдэм зыщIар. ЩIалэм и мурадыр кьыдиныгъащ Налшык къалэ администрацэм.

Фэеплъыр къыщызэIуах пэкIэм къыщыпсалъащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Фырэ Руслан**, Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и художественнэ унафэщI **Шыбзыхьуэ Басир**, УФ-м Творчествэмкlэ и академием и унафэщI **Гладышев Георгий**, Налшык къалэ округым и щIыпIэ самоуправленэм и советым и Iэтащхьэ **Муравьев Игорь** сымэ. Къызэхуэсахэм Къаздэхъу лъэпкъым къыбгъэдэкIыу фIыщIэ яхуищIащ **Къаздэхъу Олег**. ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и пашэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Къумахуэ Мухьадин**.

Фэеплъ мывэшхуэр щIэзыхъуэ тепъхуэр Iэгуауэ иным щIэту трахри, къызэхуэсахэр аллеем ирикIуащ артист цIэрыIуэр илъэс 25-кIэ щыпсэуа унэм хуэкIуэу.

ТЕМЫР Лаца
(Аллеем и тепIэр, 2-нэ нап. тетщ).
Сурэтхэр **КЪАРЕИ Элинэ** *трихащ.*

Республикэм щыпсэухэмрэ ди хьэщIэхэмрэ ящIэн папщIэ

2009 ГЪЭМ фокIадэм и 21-27-хэм Къэбэрдей-Балкъэрым урысейпсо мыхьэнэ зиIэ Iуэху зэмылIэужьыгъуэ зыбжанэ щекIуэкIынущ.

ПСАЛЪМ папщIэ, УФ-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и деж Щэнхабзэмкlэ щыIэ зэхьигъэуIу советым и Х зэIущIэм щытепсэлъыхьынущ «Щэнхабзэм и Iэмалхэр кьагъэсэбэпуРэ цIыхуэхэр щыIэныгъэм хуэгъэсэным, лъэпкъ зэпыщIэныгъэхэм зегъэужьыным, лъэпкъ зэпыщIэныгъэхэм зегъэужьыным, лъэпкъ зэпыщIэныгъэхэм ебэныным гъуэгуэ». Урысей Федерацэм и мурэйр фондыр УФ-ми с убьектхэм я къэрал, муниципальнэ музейхэм зэкIуэдыкIынзэу щыхьэумэныр кьызэрэгъэпэщыным тепхуауэ», «Театр Iуэху м Урысей Федерацэм зыщIегъэужьыныкlмкlэ концепцэм теухуауэ» Iэхуэхэм.

Къэбэрдей-Балкъэрым иджы ещанэрейуэ щрагъэблагъэнущ телевиденэм и хьыбарегъащIэ программхэм я «Мамырыгъэ, Зэгурыlуэныгъэ. Зэкъуэтыныгъэ» урысейпсо фестивалым хэтынухэр. ФокIадэм и 25-м Налшык кьыщызэхуэсынущ ВГТРК-м и кущамэу кьэралым и щыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щылэжьэн я лъыкIуэхэр. Къэралым и журналист, жыларгъэ Iэужьакlуэ щIэрыIуэхэр зыхьыхьэ якюрим игъэбелджьылныр абыхэм я лэжьыгъэхэм ящыщу КъБР-м и Президент Кьанокьуэ Арсен и «Дыщэ нал» саугъэт нэхьыщхьэр зыхуэфащэр. Фестивалым и кьыззэгъэщакIуэхэм зэрыжаIэмкlэ, номинацэ щхьэхуэхэм щытекlуэхэми тыгъэ хьэлэмэтхэр хуащынущ.

Щэнхабзэмкlэ зэхьигъэуIу советым и Х зэIущIэмрэ фестивалхэмрэ ятетхуэныну республикlэ пресс-центр.

ФокIадэм и 21-27 махуэхэм Къэбэрдей-Балкъэрым щекIуэкIынущ «Къафэхэр - Iуащхьэмахуэ и щыгум» зыфIаща II Дунейпсо Iуэрыlуатэ фестивалыр. Абы хэтынущ Индием, Ираным, Италием, Испаниием, Африкэм щыщ къафакIуэ гупхэр.

ФЕСТИВАЛЫМ хиубыдэ зэIущIэхэр, Зэныбжьэгъугъэм и концертхэр республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ щекIуэкIынущ фокIадэм и 22-м, апхуэдэ щыкIэкIэ зэхьыхьэшхуэм хэтынущ къафакIуэхэм я лъэпкъ щэнхабзэм зыщагъэгъуэзэну, я зэфIэкIхэр зрагъэлъагъуну псоми Iэмал яIэнущ.

Налшык дэт Театр Щхьэнтlэм фокIадэм и 24-м сыхьэт 18-рэ дакьикьэ 30-м щызэхэтынущ «Къафэхэр - Iуащхьэмахуэ и щыгум» II Дунейпсо Iуэрыlуатэ фестивалыр къызэрызэIуахьи иращIкlэ гуфIэгъуэ зэхьыхьэ. Пшыхьым и кIэухым хьэрэкьитlэ зэмыфэгъуэхэр ягъэльэтэнущ, лазер шоу щыIэнущ.

Кьыкlэлъыкlуэ махуэм, фокIадэм и 25-м, фестивалым хэтхэм зыкьыщагъэ лъэгъэнущ Налшык дэт, Iэщlагъэ щызэрагъэгъуэт курыт, нэхьыщхьэ еджапIэхэм, цIыху куэд щылажьэ предприятэхэм я зэхуэсыпIэ утыкухэм. А махуэ дыдэм сыхьэт 15-м щIидзэу фестиваль программэ ипкъ иткlэ кеIуэкIынущ Лъэпкъ фащэм и махуэшхуэ. Фестивалым зыкьыщызэIуахьэлъагъуэ кьэфакIуэхэм кьыщынэмыщIа, абы хэтыну хуитщ, зи лъэпкъ фащэ зыгъэльэгъэну хуей дэтхэнэ зыри. Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и цIэр зезыхьэ утым щегъэжьауэ Абхъазым и утым нэс кьафэу, джэгуу, я фащэхэр ягъэ лъагъуэу махуэшхуэм хэтхэр уэрамым кьрикIуэнущ. ИтIанэ, сыхьэт 16-м, Абхъазым и утым щыщIидзэнущ республикэм и кьалэхэмрэ районхэмрэ я лыкIуэхэр, къэфакIуэ гупхэр, хьэщIэхэр зыхэтыну Iуэрыlуатэ махуэшхуэм. Утыкум зыщIубгъунущ «Iэпщlэльапщlэхэм я кьалэ цIыкIум», прикладной гъуэджэмкlэ Iэдакъэщхэ зэмылIэужьыгъуэхэр, хабзэм щыщ тепIэгъуэхэр щагъэльагъуэу, лъэпкъ джэгукlэхэмкlи щызэпеуэу, Къэбэрдей-Балкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я щхьныгъу зкомкlэ цIыхуэхэр ягъэхьэщIэу. Лъэпкъ фащэм и мазэ зэшхуэм хэтхэмрэ еплъхэмрэ «ущIэ-жэуапкlэ» зэпеуэнущ, щыгъуазэ Iэужьыгъуэхэм я тхыдэм тепсэлъыхьынущ, абы иращIкlэ концертымкlэ я нэгу зрагъэужьынущ.

ФокIадэм и 26-м сыхьэт 18-рэ дакьикьэ 30-м Музыкэмкlэ театрым щекIуэкIынущ «Къафэхэр - Iуащхьэмахуэ и щыгум» II Дунейпсо Iуэрыlуатэ фестивалыр зэрыщэхущIыкIыж иращIкlэ гуфIэгъуэ пшыхьрэ абы зыкьыщыщIэсыгъуэхэм я гала-концертрэ.

Ди к

Зыхуей хуэзэу пІэрэ?

● Гулъытэ

КЪР-м и Правительствэм и Унафэщым и къудэхэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Дышэкі Мадинэ фокІадэм и 11-м иригъэкІыжащ республикэм и Президентым деж Ныкъуэдыкъуэхэм я Іуэхуэмкі щыІэ советым и ятІонэрэ зэІуэ-гущыІэгъуэ зэІуэтэр. Абы щыхэплъащ щы гъэм щыщу кьэнэжа зэманым Советыр зэрылэжьэну щыкІэм.

ЗЭІУЩІЭМи пэ кьихуэзу Дышэкі Мадинэ зэхуэсахэм ягу кІэрыкІыжащ Советыр чэнджэщэгъу органу зэрыщытыр. Абы и кьалэнхэм хохьэ Къэбэрдей-Балькъэрым и къэрал властым и кьудамэхэм, щыпІэ самоуправленэмкІэ Іуэхуэщіапіэхэм, жьылагъуэ зэгухэзыгъэхэм, щІэныгъэ организацэхэм, нэгъуэщІхэми зэуІуу ядэлэжьэныр, ныкъуэдыкъуэхэм яхуэгъэзэ къэрал политикэр уб зыхуиным, ар зэрагъэзэщІэну щыкІэм, зи Іэпкьлъэпкьым сэкъат ІІэхэм ятеуухуа законодательствэм и унэтІныныгъэ нэхъыщІхьэхэр екъэфІэкІуэным ехьэлІа Іуэхуэгъуэхэр гъэхъезэныныр.

КЪР-м Іэныгъэмрэ соціальнэ зыужьныныгъэмкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Тюбеев Альберт** кьыз эригъэлъэгъуакІэ, ныкъуэдыкъуэхэм яхуэгъэзэ къэрал политикэр пыухыкІауэ ягъэзэщІэн, граждан жылагъуэм и институтхэм я Іуэхуэмкі нэхъыджэру хашэн папщІэ, нэгъабэ дыгъэгъазэм и 17-м къэралым и Унафэщым и Указкі Урысей Федерацэм и Президентым деж ныкъуэдыкъуэхэм я Іуэхуэмкі щыІэ советым ящІэну щытащ. Абы и ялэ зэІуэщІэм зэрыщагъэуцуагъэ, щыІэныгъэ щІэныгъэ зэрыщІэныгъэ, щІэныгъэ зэрыщІэныгъэ, щІэныгъэ зэрыщІэныгъэ,

Хэкуль Iыгъкъ

Мэлбахъуэ Тимборэ Къубатий и къуэм теухуа гукъэкIыжхэр

ПЩЫКI Хъусен

СI З АКЪУЭ дыдэу Головко и сIэр зезыхьэ уэрамым и лъэсIыбгъэуэр слыгъыу сокIуэ. Сызджэдкуэр Советэм я Мэрщ, сытхьэусыхэну.

Гъэмахуэ махуэр пыплъхьэн щымыIэу дахащэщ. Ауэ сыт, сэ гукъыдэж лъэпкъ сIэкъым. Дэи кынкIынт? Нышэхьэ лъанэр, си тхылъхэр зэлубэ щыдэкIэ, сызджэдкуэр Iуэрыгуэ зэрыгъэ щыIуэ. Iуэрыгуэ зэрIэха хъуркъым - щIыхъуэхэри машинэхэри согъэхьулей. Зыужь ситыр гъзыр зэрыкIуэну бжьамийкIэ Налшык исшыну арат къуажэм аэр щызэбграшырти. Сымышэу згъэзэжмэ, абы елэжь IэшыгъэлIхэр зэбгрыкIыжьынущ, ящIэн зэрамылэм къыхэжкIыу. ИтIанэ щыIэ зэхуэпшэсыжьын щхьэкIэ лъаIуэIуэнкIи къэкIухь: «Иджы Iэбэм зыхуэйр къащтэну хьэзырщи, нытхуэвгъэкIуэжь, - жиIэ.

Бжьамийкэр къытхуэзыуIпщыну Iлым, сцIыхуэу къыщIэгъэхъуну, нэшхуэжхуэу зы сэлам изэхри, и пащхьэм си тхьакIумэ-пIэхэр изолъхьэ: «Уэлэхи, си лэжьакIуэхэр ящIэн ямыIэу зэхэсIэ. Сыту фIыт сыкъыщыкIуэ-сыкъыщыкIуэми уи Iпм уэрэсыр. КъыхудоплIей, мащIэу и пащIэ щIогуфIыкIри:

- Уэлэхи, си ныкькьэгу, уэстынкIэ уэстынмэ, ауэ только с отказтом! Абы кымкIыр пщIэрэ? и ныкьуэр кьыдыбонэри, адрейр дыбоу!

- Ар дауэ, адрей ныкьуэр-щэ?

- Значит, кьыбг гурыIуакьыми, адрейр кьыдыбонэ, зиунагъуэрэ. Ныкьуэ ерозэ дэ къытхуэнэ уи гугъэ? Къытхуэнэр абы и ныкьуэжырщ, адрейр щцхьэмкIэ долIуей.

- Иджы къызгурыIуащ, ауэ къызгурымыIуэжыр а ныкьуэм и пшынысжькIэ хъунымрэ сызэрылэжьэнымрэ - си лэжьакIуэхэр зэбгрокIыж...

- СщIэркъым. Ар уи Iэхуэжщ! Уа, «перестройкэ» жIыуIэр, иджырри фи деж нэмысыуэ ара? Уэлэхи, си ныбжьэгъу, а Горбачев и перестройкэм - советскэ властыр зэрикъутэжрэ зэманыфIдэкIакIэ. 1941 гъэм нэмыцкэхэм яхуэмыкьута Совет къэралыгъэшхуэр абы 1991 гъэм хьэбзабэр къхуигъэкIыуамэ. Дэнэ щыIэж партыр? Лениным и фэеплъ Советхэм я Унэ пупэм итам иращIар пльэгъуэ? Абы куэд кьоIэ, си ныбжьэгъу. Аджэн сыкIуэнщи, зэхуымыхуэзу ара Горбачев щхьэуу кьыдигъэзкIа унафэм тету, зэрыпльхуэгъэпIэхэр, зэрдлажьэ-зэжьэрэгъэхуэр зэхэпльдэжьэу къэралыгъэ ныкьуэр зэрызальэфIэзыкIыр. Политбюром хэта Бирюковэ сом мин 754-рэ и уасэ дачэр сом мин 19-кIэ кьызэрищэжьжар урикъуьпи. Къэралым щекIуэкIыр приватизацэкъым, си ныбжьэгъу, прихватизацэщ. Псори я щхьэм хуолэжьэж...

Зэи-тIэуи сыкьызэIэнащ, «иI-ИтI, тызокIуэ иджы» жыIэ, ауэ зысушIащ. Иужьым си Iуэхуэр зэрыхэфимыкьыр хьэкьыщ цыкIыпхьэ, сэ ахьмийкэр сымы-шэу сыкъэрымыкIр жиIэу абы гурызгъаIуэри сыкьыщIэкIыжащ.

... Мес Лениным и фэеплъыр зытетари. Утыкуьм уэм зеиншафэу кьинащ ар. Сэ абы сигу ихьэжьыкI Польшэм щыIуэ тхакIуэхуэ Станислав Лещ «фэеплъэр щиффкIытэкIэ, я лъабжьэхуэ кьэвгъанэ» эрыжьиIар. ПщIэ-нухьым, жьызоIэ сигуфIэ, дыдэр нищ, щэрхъыуи мэкIэрахъуэ, мы зытетар мыкьуни, нэгъэщI щыIпIэ дежь щагъэувыжьинкIэ хъунщ Лениным и фэеплъыр.

- Къыдэм ищIэжьаркъым зы лэ-щIыгъуэри, зы псэукIи, ныкьуэнигъэхэм пэIэщIэу кьекIуэжьэу. Дауи, абыхэм ящыщщ Совет властым и зэманри. Хэльащ абы щыгъуэ щыкIыхэм я псэукIэм фIыи мыхьумыщIи. Пэгъэзыувынтэкьым, сльэгамэ, сэ а властыр диник; ирезгъэзытэнтэкьым хамэ къэралхэм апхуэдизу мыльку, си лъэныкьуэ хъуни жысIэу. И гуащIэм кьыпэнIуэм щыщу нэхьыбэ естыкьынт лэжьакIуэжьым...

Къыдэм ищIэжьаркъым зы лэщIыгъуэри, зы псэукIи, ныкьуэнигъэхэм пэIэщIэу кьекIуэжьэу. Дауи, абыхэм ящыщщ Совет властым и зэманри. Хэльащ абы щыгъуэ щыкIыхэм я псэукIэм фIыи мыхьумыщIи. Пэгъэзыувынтэкьым, сльэгамэ, сэ а властыр диник; ирезгъэзытэнтэкьым хамэ къэралхэм апхуэдизу мыльку, си лъэныкьуэ хъуни жысIэу. И гуащIэм кьыпэнIуэм щыщу нэхьыбэ естыкьынт лэжьакIуэжьым...

... Си сыхьэт и пэкIэ си напIэр схуэмыIэту Советхэм я Унэм сыщыхьамэ, иджы дунейр тIэу пкIэгъуэ схуэхъуэжьынкIэ - зэфIэкIэ си Iуэхуэр. Куэдри семыжьэу сыщIагъэхьащ министрым деж. Зэхэха псор сэ абы жесIэнт, жесIанкьым. Ауэ си фэмкIэ кьыщIауэ кьыщIэкIынт сыкъэрызгъэгъэр. Ар зыгуэрым телефонкIэ епсалъэри, унафэ хуищIащ бжьамийкэр езым и IэкIэ кьыхсуиунтIыщыну, итIанэ си тхьакIумэIэр сIихри абы и унэцIэр, зэманыр кьытритхащ. Иджы щэджагъуэ нэхуэкьым, сыхьэтищым, сэ абы сыIуIущ хуейт. Махуэ зэ щэджагъуэпIэм нуиа кьудейти, сэ мурад сощI си гъуэ щIалэхэр тIэкIу зыIурыгъгъэну икIи дэрэжьгъэущхуэ сиIэу, Лениным и цIэр зезыхьа узрамащхуэм и сэмэгурабгъу лъэотьагъу зи сыгъыу, бззэрым сох. СаблокI кватипII-тхуу зэтет псэупIэ унэхэм, «Восток» кинотеатрышхуэм. Мис, зихуэдизэр зырыз Мэузыкальнэ театр дэгъуэр. Сокьэ Кьэбэр дейр Урыгсейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикIу утышхуэм. Уным сикIыу сквеерым сихьэнщ щыжьаСIэм, си сэмэгурабгъумкIэ сыплъэмэ, игъащIэкIэ си щIыхь кьыхэмыхуэн сольагъу: кIэстум фIыцIэ щыгъыу, абы екIу джанэ хужьыбэщ гадеIэк кьыдэщу, и щхьэцыр дахэу дэжьеяуэ кьакIуэу сольагъу Мэлбахьэ Тимборэ Къубатий и къуэр. Сэ сикъэпIейтеящ: къэзгъэувыIэу и Iэр субыдын, сыщIэупщIэн и узынщагъэр зыхуэдэм. Хьэмэ си гъуэгу сытетын - пIащIи куэдщ. Сыт сшIынуми, зэманыр сIощIокI: къэсыпIэм - Тимборэ. Сыт мы сыщIэупщIэнкIэ? Ар, мы къэсыпам сыпежьэ щыкIэу:

- Дауэ ущыт, уу зыншагъэхэ, Тимборэ Къубатиевич? - солэбэрэ и Iэр сольбэщ. Кьызопль, и нэгъуджэр дрегъэкIуэтейри:

- Кьыкъуэгъэгъуэ. Уи нэгур си нэIуасэщ. ИтIанэ, емыкIу сикьыу мыщI, тIэкIу зэхэзещхьэн узощI. ЖьызоIэ сызыщыщI кьуажэр. АдэкIэ жьызимыгъэIэIауэ и псалъэм пещэж. «А-а, иджы кьэсщIэжащ. Дауэ фыщыт? Фи Iэхэу мыIейуэ екIуэкIыу щытащ. Иджы дауэ фехъулIэрэ?»

Сэ жьызоIэр япэм хуэдэу ди Iуэху зэрыдэмыкIыжыр, мэжьмэш IэжьыгIэр кьэралым Iэпэдагъэпэп зэрищIар щыху IэжьакIуэхэм кьаэзрытехьэлIэр. ИкIи си псальэм кIэщI зезгъэщIри гуращIкI жьызоIэ:

- Тимборэ Кубатиевич, уэ бощIэ гуэл хьэлэмэ? IыдыэрпIэр, уныткуебгъгъамэ, зодгъэгъэпсэхунт...

- Хьэ уэ, насыпыфI ухьу. Сигукьыдэмыжщ, хуабжьу сыслымаджэщ, егъэлеяуэ гугъу срагъэхьащ. Гъэту махуэ! - жеIэри си Iэр кьеубыдыж.

«Егъэлеяуэ гугъу срагъэхьащ» псальэхэр си бгъэм тенащ. Ар жызыIар зи гъащIэ псоу республикэм хуэлэжьэнымрэ тезыуху цIыхуэ Iы маскьалкIэ щIэгъэтхьа хъункъым, Къэбэрдей-Балъкъэрыр Республикэу щызэфIэувар ар щылэжьа илъэсхэрщ жыIэпIэмэ. Адыгэхэм зэрыжаIэу, Мэлбахьэ Тимборэ нэджыса жыхуаIэхэм хуэдэ цIыхуэт, зэ чиишуэ бгъэдэлIт, унафэщI къэмылаидджэт. Ты Iэпапп Iэ хуэдизу фIэкI къэралгъэ уэшхуэм и картэм тумыльагъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр абы и утыкум ихьэф у, екIуэи кьинIыжьифу зыщIыфынур. Мэлбахьэ Тимборэ хуэдэ. ИтIанэ, пльагъурэ, апхуэдэ цIыхуэр жьгъуэгъэшъэ хъуркъым. Абыхэм куэд кьагупсысыбфынущ зэманым декIуу кьекIуэжа цIыхуэр цIей-напейкIэ ягъэIун щхьэкIэ...

Япэу щыслъэгъуар

МЭЛБАХЬУЭ Тимборэ Кьубатий и къуэр сэ зэрэ япэ дыдэу щыслъэгъуар 1961 гъэм и дыгъэгъазэращ. Хрущев Никитэ и хьэмтет тыгъуэт. Коммунистым и съездхэмрэ пленумхэмрэ щекIуэкIкIэ Сталиным и «культ личности» жыхуаIэм темыпсэлъыкьу кьаугъэзгъэкъым. Хьэлэмэтракъэ, итIанэ Сталиным и «хьэдэм» текIуа хъуртэкъым - куэд арэзытехьэм абы хужаIэхэмкIэ. Iуэхур щынэхьыкIэжат щIалэгъуэлэм я деж. Абы и пэжыпIэр кьэзыщIэну хуэй студентхэр «зэрыстыхьэлэрт». Зым Сталиныр игъэзащхуэр т. Адрейм абы фIы г уэр жыжаIамэ уиуиныбнут. Абы кьиIгъэувырт Сталиным лажьэ зиIи зимыбИ зэригъэхьу щытауэ. Езанэм абы ифIри и Iейри зэпэшачэу кьыпытырт. Абы щыгъуэ зми псоми жаIэм кьыхэпхыр зыгъ ар - илъэс зыбжанэ хьуауэ цIыхуэм я жьэм жьэдэлъу кьекIуэкI Сталиным и «культым» кIэ зэримыгъэгъэрт. Апхуэдизу кьыхуэсIащ гъэм 22-нэ съездыр пхублIэжьынт, блэкIакьым - Iэгуауэ иным щIэту Хрущевым и гушыкъэр трикъуитащ Сталиным и «культым».

А съездыр зэрекIуэжкам, абы и унафэхэм егъэджакIуэхэр зэмрэ студентхэмрэ яхутепсэлъыхьыну университетым кьоф Iуэу абы и делегату щыта, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и обкомым и япэ секретарь Мэлбахьэ Тимборэ Къубатий и къуэр.

Цыхуэр Iуэт. Еджапп м Iэшэлъащхьэ щIэсхуэмэ пщыщIи кучъхьэлат. Тысыпп Iэншэу кьэнах эр залым и щIыхьэпIэ, щIэкIыпIэхэм, дэкIыпIэ зэм щIыэфIэ тщ. Студентхэр дегупсысырт: дауэ зэзгъэзэрыр щIэрэ съездым и пащхьэм гъам теухуауэ егъэджакIуэхэм кьыджаIамрэ абы и лэжьыгъэм хэта Мэлбахьэ Тимборэ ящыщкъэ щIэтхьэ кьыдэщу, и щхьэ-фэлыфэ зэи дымыльэгъуа Мэлбахьэ Тимборэ? Ар дэ зыми тIыхьэртэкъым.

Президиумкр кьотIыхьэ, парт бюром и секретарыр и тхьэмадэу. Кьыдольагъу университетым и унафэщIэм, егъэджакIуэхэм ящыщхэр. Ауэ ректорыр яхэсIыным - «жьауэ кьыщIэкIынт, жыдоI». КьитIыхьхьаэр, зыгIущ нэхъ кьэмынэу, ди нэIуасэщ. Ауэ дэтхэнэрэ а дымыщIыхьхэм ящыщ Мэлбахьэуэр?

Псальэ ирату кьэпсэльапIэм кьыхьар фэшхуэ-лышхуэтэкьым, лIы кьэрыгъэ кьамыльфэ т и ныбжькIэ илъэс пIыщIым е бэкъуэ хьунт. Тимборэ кьытхопльэ ауиторие дауыпшIэм щIэсхэм. Абы и дауыпшIагъэм зыдищIу, ауэ псоми фIыуэ зэхэтхуэ кьыщIидзащ абы кьэпсэльэн. ТхылымпIи иныгъ хуэдэщ, абы тетуи зыщIэрIощI, ауэ абы и гупсысэхэр абы итIэсэнкIэ Iэмал зэримыIэр кIуэтэху нэхъ наIуэр мэхъу.

Сталиным и «культым» и гугъу щиIыкI?: лажьи-хьати зимыIэ щыхуэхэр зэрызэтраукламрэ щыхуу гъащIэ ныкьуэ хуэдизу тезыгъ яIелу Урысей пхащIэм мелуан бжьигъэхэр зэрыщыIэмрэ абы ищIэ кьудей мыхьхуу, я кьызэгъэпэщакIуэт. ИтIанэ - зыр кьалэ хьуркъым: тэмэмкьым псори абы иIэжьащ жыпIэнкI. Абы иIащ лэжьэгъу ехьэжьахэр, щхьэж и «культ» иIэжу. АбыхэмкIи зэфIэкIыртэкъым, мыдэ и лъабжьэ дыдэм щыIэ унафэщIэхэр ящыщ суэу. Ахэрат «ауэ хьэ» ныIэху, «мэхь» жаIэрэ щыхуу ешIэхэр езыгъэхIахэр. Ахэр псори кьэрэхьэлъхь лэжьакIуэм я деж щыжэуапIакIуэу щытын хуейщ - щыхуэ щыщхэр псы йофхэм.

... Зы сыхьэтым щIригъэгъу щымыIэу докладыр иухри тIысыжащ Мэлбахьэуэр. Абы и уэкьIэ псэльапIэм кьоIуэ егъэджакIуэхэр, зыщыщыр дымыщIэ-дымыщIыху лэжьакIуэхэр, студентхэр. Ахэр зытепсэлъыхьыр щащIэкъым. Арыншауи дауэ хъун, гъащIэм куэд кьыщыщыхьыкI - съезд дым гъащIэм зыпыIуидзыркъым. АтIэ абы кьищта унафэхэр республикэм гъэзэщIа зэрыщыхьуным Iэ щэсхапIэ нуиа Тимборэ мыбдеж щыщыкIэ, уи гукъеуэр щIэпхъуэ хъурэ? Хъункъ Iэмал зимыIэщ икIи аращ ныщхьэбэ куэд кьыщIэнсалъэр. Сэ абыхэм сфIэхьэлэмэгъу сызредаум, кьыдольагъу президиумыр зыбгъэдэс столым щыжьаIэ. Тимборэ хъурагъэныкIуэ тэкII. Абыхэм кьыщыхьэ зэрыщыIэ зэхидзырыкъым Мэлбахьэуэм: йопль-егъэтIылъ, йопль-егъэтIылъ. Зэман докI, микрофоныр кьалехри: «Ныбжьэгъуэ, сынымольэIу Сталиным и «культым» теухуа упщIэхэр кьеемыгъэхьынкъым. Ар ныбжьэгъуэ щIалэ-щIэмыкIи кьагъэзэжат 4-нэ классым щеджащ и ныбжьыр, иужьым Белгоскаменкэ фIыгъэзыцIэр игъуэтыжауэ. Къуажэр инкъым, пхыдзащ, гъуэгу тэмэм екIуалIэркъым.

Iхьэбысымым и унафэм тету, лэжьыкIэм зэрыщIэтыр. Унэр адэ-анэхэм эрахьэ, бжьыкь къэзыкIухьыр зэрагъэпэщащ. ЕгъэджакIуэхэр кьуажэм дыщолажьэ: 1-4-нэ классэм щеджэнуи нэхъ ныбжьыкIэ къэрал институтым щIэзэхидзырыкъым Мэлбахьэуэм: йопль-егъэтIылъ, йопль-егъэтIылъ. Зэман докI, микрофоныр кьалехри: «Ныбжьэгъуэ, сынымольэIу Сталиным и «культым» теухуа упщIэхэр кьеемыгъэхьынкъым: емыджэу икIи зыщIыпIи щымыщIажьэу еджакIуэ ныб жьым итхэр щыхуэн я къурт, сым едгъэзжьну, унэм дэсхэу гъэр икIат. Я узынщагъэкIэ спецджанIэ щеджэн хуейуэ зы еджакIуэ, дахэ-дахэу кIэлъыплъ зэрамыIэм щхьэкIэ, интернат гъэ щыIэ хуейуэ еджакIуэщ щыIэ т .

(Кьыкlэлъыкlуэнущ.).

КЪАРДЭН Iэбубэ ТIытIу и къуэр

Хьэлъэу сымэджа иужь и ныбжьыр илъэс 81-м иту лIащ Къардэн Iэбубэ ТIытIу и къуэр - республикIэм и еджакIуэшхуэ-тхьадэтх нэхьыжь дыдэхэм ящыщ зыр. Дунейм ехьжащ еджакIуэшхуэ акъыплIфIэр, лэжьакIуэ гуащIафIэр, нэмысшхуэ зыхэлъ щIыгъуэ.

И бзылъхьугъуэм кьыщыщIэдзауэ лIэхукIэ Къардэн I.Т. и гъащIэ псор лэжьыгъэ хущIэфIэрэ творчествэ кьэлъыхьэныгъэрэкIэ гъэнщIауэ щытащ. Ар 1929 гъэм Аушыджэр къуажэм къыщалъхуащ. Зауэ, зауэ нэужь илъэсхэм балигъхэм я гъусэу колхозым щылэжащ мэкъумэщыщIэ лэжьыгъэ хьэлъэмрэ школым зэрыщIеджэжмрэ зэдихьу. 1953 гъэм педагог институтыр зэпэщу къыуха иужь, ар лэжьакIуэ Владимир областым ягъакIуащ, иужькIэ ягъэуващ Нагорнэ районым егъэджэныгъэмкIэ и къудамэм и инспектору. Къардэн I.Т. 1956 - 1960 гъэхэм Аушыджэр курыт школым тхыдэмкIэ щIригъэджащ. 1961 гъэм ар Азербайджан къэрал университетым и аспирантурэм ягъэкIуащ. Ар къуаха иужь, нэгъэщI лэжьапIэ мыкIуэу сыт щыгъуи щылэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэхэр зэрыщIэтыр институтым (иджы КъБИГИ-щ).

Къэхутэныгъэ зэрыщIэр зэрыригъэжьэкIа лIащIэныгъэ нэкIэуэн нэсым абы монографиеу щIы, щIэныгъэ-хэзыгъэгъуазэ тхылъу плIы, щIэныгъэ статьяуэ хыщIым щIигъу, щIэныгъэ-хэзыгъэгъуазэ тхыгъэуи апхуэдизу щыригъэдзащ, урысейпсо, дунейпсо щIэныгъэ конференцэхэм доклад 20-м нэблагъэ щищIащ.

Езым и къэхутэныгъэхэм я гъуазэу жьылагъуэм щекIуэкI социальнэ фокIуэдзэ щIэныгъэ Къардэн I.ТI. ельэлэну зыхуигъэувыжащ ешIэ и лэжьыгъэм политикэ щытыкIэр зыхуэдэр къыщIыбытэн хуейуэ. Мыбдежым щIэныгъэм творчествэр и купщIэу бгъэдыкьэнымкIэ хуитынныгъэ псорри къыщIэзыхуигъэнэжри, абы хуэзфIэкIащ ауэ жьыжьуи ныэрэмыгъэ гъэри хэмылъу хьэлэл дыдэу Iуэхуэхэм я пэжыпIэр къыгъэльэгъуэн икIи къыгъэсIэбэн. Ар щIэгъэкъуэн кьыхуэхъуащ щIэныгъэм щыхуэфIэкIахэр, къыщехъулIахэр къэралым и еджапIэ щIэныгъэм щыхуэфIэ пажжэм кьалъытэным.

А псори япэ щыIкI кандидат (1967), доктор (1989) диссертацIэхэм, республикIэм и тхыдэм, КъБР-м рабочо классыр кьыззэрыщыхьуэм икIи зэрыщIэзэфIэувам, цIыхуэхэм я социальнэ гуэшкIэм пIалъэкIэрэ зэрызихъуэжам теуухуа монографие лэжьыгъэшхуэхэм лъабжьэ яхуэхъуащ. Къардэн яхуэбгъадэ хьунущ Дыгулыбгъуей, Анзорей кьуажэхэм я тхыдэм теухуа тхылъхэр, я кьэкIуэкIыкIахэр, нэхъ мыхьэнэ ин иIэу зэфIагъэкIахэр ящIыгъуу республикIэм и цIыху нэхъыфIхэм ятеухуа тхылъышхуэу томитI хъур.

ЩIэныгъэ хъэхэутIэныгъэ лэжьыгъэм къыщIихьа ехьулIанытIэхэм папщIэ Къардэн Iэбубэ ираташ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым, КъБР-м и Президентым, КъБР-м и Правительствэм и ЩIыхь тхылъхэр.

Хуабжьу зэщIэхъуэуэ зэрыщытым, куэдым зэрыхихщIыкIым езыми нэгъуэщIми лэжьыгъэр япэ ирагъэщIын хуейуэ къызэрыIутым къыхэкIыну абы и лэжьэгъуэм щIэщхьуэ къыхуащIащ. И ныIуэсу щыта псоми Къардэн Iэбубэ ТIытIу и къуэр ягу кьинэжьынущ щIэныгъэм и лэжьакIуэ емызэщIыжьынм, интеллигент нэсым, гудзакъэ зыхэлъ тхыдэмкIэ щIэныгъэм, унагъэзэI хъарзынэм я щапхъэу.

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэ, КъБР-м Правительствэм щIэныгъэ къэхутэныгъэхэмкIэ и институт, РАН-м и КъБНЦ.

ДЗУДТАГОВ Къазбэч Къасболэт и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм пхуриимыгъэкъуэжьи хэщIыныгъэ хьэлъэ игъэтащ. И ныбжьыр илъэс 65-м иту дунейм ехьжащ режиссер акъыплIэ Дзудтагов Къазбэч Къасболэт и къуэр.

Дзудтагов Къ. Къ. 1945 гъэм мэкъуаэгъэгъуэм и 1-м СОАССР-м щыIэ Киров районым щыIэ Хумалаг къуажэм къыщалъхуащ. 1964 гъэм ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал институту Луначарский А. В. и цIэр зезыхьэм и режиссер факультетым щIэтIысхьэри, режиссер цIэрыIуэ Эфрос А. В. и курсым щеджащ. Ар къыуха иужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуащ икIи 1974 гъэм и творчествэм Горький М. и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым щыщIидзащ, спектакльэ зыгъэуфэ режиссер кьуныкъуэм гарыкьэри. Зыкуигъэзащ Розов В. и творчествэм, абы и «Ткiуэспипл», «Зэрыкуа щытыкIэ» пьесэхэр игъэуващ. Ар хуэдэу педагог IкIэуэгъэкIуэт. Къэбэрдей-Балъкъэрми Осетие-Ищхьэрэ - Аланиеми режиссеру щыткIэрэ абы зи зэфIэкIым зригъэIэту театр сценэм и вагъуэ нэхъ хуэхэр щымащIэкъым.

Дзудтагов Къазбэч Къасболэт и къуэм и фэеплъ нэхур сыт щыIэну я къэкIынущ абы и талант гъэзэджэм пщIэ хуэзыщIу, ар фIыуэ зыщIыхуу икIи фIыуэ зыщIатэуу щыта псоми.

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэ
КъБР-м и Театр лэжьакlуэхэм я союз.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Куба къуажэм щокIуэкI «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэр. А Iуэху дахэм кьрихьэлIащ хеттолог цIэрыIуэ Уфэт Алий (Истамбул), КъБР-м и цIыхуэ тхакIуэ IутIыж Борис, щэрджэхэм я щэнхабзэ ветономием и унафэщI Уэхэут э Александр, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ЩIалэгъуэ Мухьэмэд, «Эльрус» тхыль тедзапIэм и директор Ащкъан Руслан. *2005 гъэ*

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

АДЫГЭ ЭХЭМ хур гъавэжэкI къэкIыгъэу къызэрагъэкIрэ ильэс мин бжыгъэ дэкIащ икIи адыгэ гъавэхэкI зэрыхъурэ зьмрэ гуэдзымрэ щIагъуэкIэ къакIэрыхуркъым. Нарт хъыбарижьхэм къагъэльагъуэ адыгэм и гъащIэм хуи къызэрымыкIуэу увыпIэшхуэ щIуфыду зэрыщытар. Нартхэр хьэм щытепсэльыхькIэ, Iэмал имыIэу хури къыдыщIагъу. Абы къыджкIэ а гъавэ къэкIыгъитIым гулъытэшхуэ зэдзыхуащIу, к уэду къагъэкIыу зэрекIуэкIар.

Тхыдэмкlэ щIэныгъэлIхэм къызэральытэращи, адыгэ лъэпкъым хум пщIэнIуэ хунщI зэпытт. Ар уэгъуэм зэрыщымыщынэм и фIыгъэкIэ, лъэпкыр зэи гьейм ихуэртэкъым. Ноби адыгэ унагъуэхэм хур Iэмал имыIэу къагъэсэбэп, хьерыгъэуэкIи, нэщхьеягъуэкIи ерыскъы къыщIэткIэ.

Адыгэхэр игъащIэ льандэрэ зэрыса щIыпIэхэу Кавказ Ищхьэрэр, тенджыз ФIыцIэ Iуфэр я дуней щытыкIэкIэ зэрмыIэужьыгъуэу зэрызэщхьэщыкIым къыхэкIыу, ху лъэпкъ зэхуэмыдэхэр къагъэхъуауэ къагъэкIыу щытащ дэ дыкъызытехьуэкIыжахэм. Адыгэхэм хум пщIэшхуэ зэрыхуащIым гу лъамытэу къэнакъым къэхутэныгъэ и Iуэхукlэ пасэм дI лъэпкым къыхыхьа щIэныгъэлI зэхуэмыдэхэм. Псалъэм папщIэ, Калоев Б. А. гупсэхуу тотхыль тенджыз ФIыцIэ Iуфэм щыпсэу адыгэхэмрэ Адыгейм щыIэ лIакъуэхэмрэ ху лIэужьыгъуэ куэд къагъэкIыу зэрыщытам: «ЛIэщIыгъуэ куэд хъуауэ адыгэхэр хум зэрелэжьу щытам къыхэкIыу, абыхэм сыгъхэм, абаэзэхэхэм, бжьыдыгъухэм, кIэмыргуейхэм гъавви» хужаIэ. Хур губгъуэм трасэу къэжIа нэужь, къэбэрдей адыгэхэмрэ бесльэней адыгэхэмрэ абы зэреджэр «мэш»-щ.

«ХугукIэр - лъэкIампIэщ» псалъэжьыр къэхуныM и щхьэусыгъуэр хум къэуатыщхуэ (протеин) зэрыгъэльращ, щIыхум дежкIэ шхын зэгъ къызэрыхэкIырщ. Хугум къэуату процент 15-м нэс, крахмалу процент 69-рэ, дагъэу проценти 3-4 хэльщ. Хугум адыгэхэм шхыныгъуэу къыхащIыкIым и бжыгъэр инщ: пластэ, хьэнтхъупс, хьэтыкъ, хьэпIамэ, мэжаджэ, хьэлыуэ, тхъурымбей, пIас тэльалъэ, соку, шыпс, жэмыкуэ, н.къ. Хугур залъхьэ Iэшрыл щагъавэжIэ, хугу хьэжжыгъэр къагъэсэбэп кхъуейжьапхъэ, нэгъуэщI шхыныгъуэхэр щащIкIэ, махъсымэ, мэрэмэжьеей къыхащIыкI. Адыгэ Iэнэм пIастэм сытым щыгъуи увыпIэ пажэ щIыгъуу къоюкIэ. Арагъэнущ Iэнэм къытрагъэувэ сыт хуэдэ шхыныгъуэми «шыгъупIастэкIэ» щIеджэр икIи шхауэ щытащжыжкIэ «фи шыгъупIастэр убагъуэ» щIыжаIэр.

Гу лъытапхъэщ адыгэхэм къытхэсурэ къьекIуэкIа лъэпкъхэм хугум къыхащIыкI шхыныгъэ куэд дыдейхэм ещхьу зэрращIи, ди фIэщIыгъэцIэхэри я бзэм хъыбаауэ зэрыхэтым. Адыгэ шхыныгъэхэм язныкъуэр махуэ къэс ящIкым. Аха щагъэ хьэ»вырыр гуфIэгъуэхэм, махуэщхуэхэм, нэщхьеягъуэхэм дежщ. Апхуэдэщ хьэлыуэр, хьэлывэр, къэльтамэр (тхъурыжьыр), хьэмпIамэр, махъсымэр, Iэшрыйр, н.къ.

«Мылькум ефIэкI хьугъуэфIыгъуэ» тхылъым кьитхыжащ.

Цыхум и акъылыр и IэштIымым нэхьрэ нэхъыщхьэщ.

РАБЛЕ Франсуа, *франджы тхакIуэ.*

Цыху Iущыр кьыдэрыщIыхун хьэл нэхьыщхьэ дыдэр - шыIэныгъэрщ.

ИБСЕН Генрих , *норвег драматург.*

Цыху хэумыхур игъащIэ псокIэ гугъуехьым пэщIэтщ.

ГЕСИОД, *алыдж усакIуэ.*

● Цыхушхуэхэм я гупсысэхэр

ЩIэныгъэм и япэ къалэнхэр

ТОЛСТОЙ Лев, *урыс тхакIуэ.*

Адрейхэм зэрефIэкI нэгъуэщI Iэмал сщIэркъым сэ гуапагъэм фIэкIа.

БЕТХОВЕН Людвиг, *IэмышIэ композитор.*

Лэжьыгъэр гуфIэгъуэ псоми я кьежьапIэщ, дунейм фIыуэ тетым я къыщIэдзапIэщ.

ГОРЬКИЙ Максим, *урыс тхакIуэ.*

● Теплъэгъуэхэр

Къафэ. Ар ягъэзащIэ КъБР-м щIыхь зиIэ и артистхэу Къуэныкъуейхэу Иринэрэ Алимрэ.

● Фэ фщIэрэ?

Ху

ПРОСО

ху лIэужьыгъуэ куэд къагъэхьуащ».

Тенджыз ФIыцIэ Iу фэм щыпсэу щапсыгъэхэм ху лIэужьыгъуэ зыбжанэ къагъэкI: ашэфы (кIасэу хьу), ашагучъ (пасэу хьу), фычьо (гъэмахуэкIэм хьу), гчыщ (бжьыхьэпэм хьу), хыныплъыжь (зи фэр плъыжь), н.къ.

Хум тепI фамплэр трахун папщIэ ужьгъэм иракIутэурэ зэ, тIэу щагъэкI, яужьгъэ. Щхьэхуэ хьуа фамплэм куэнцапIэкIэ йоджэ, къэнар хужьгъэращ (ху ужьгъа). Ху ужьгъэм фамплэ зытелъ ху тIэкIу къыхэнамэ, гухъум щIагъэкIри трахуу, дагъэр куэду зыщIэлъ ху бынжэ щIыкIуэри щхьэ хуэ зэ мэхъу, абы иужькIэщ хугукIэ щеджэр. Хугур яхьэжьын, шхыныгъуэ ящIын и пэ кьихуэу, Iэмал имыIэу кьабзэу яльэс. Абы ху лъэсыгъэкIэ е хугу лъэсыгъэкIэ йоджэ.

Куэнсапlэр адыгэхэм куэд щIауэ къызэрагъэсэбэпым ящIыщщ гущэм хапхэ сабийм уэнщэку щIыкIу къызэрыхуэхащIыкIыр. Куэнсапlэ уэнщэкум хэль сабийм и пкъыр гугъу ехьыркъым, хьупщхьэхэм, тхым зыщаужькIэ щытыкIэ тэмэм иуэным къызэрымыкIуэу сэбэп хуохьу. Абыи къыщымынэу, зиГ щ уз щIыхуэр адыгэ Iэзэхэм куэнсапlэ уэнщэкум е ху зэрыкIута щIэдзыным трагъэлъу щытащ.

Адыгэ лIакъуэ псори мы гъавэхэкI лIэужьыгъуэхэм «ху»-щ зэреджэр, ауэ шапхъэнтэм зэрынэсу лIам хуэдэу Iрихащ.

Пщэдджыжьым жьыуэ къэтэджри, лIыжьыр екъужащ. ХьэщIэр щыдэкIыжьым Iэуэлъауэ макъ зэхэзыха унэгуащэ нэпсейр къыщылъэтри, пэшымкIэ жащ. Зыкъыплъыхьащ, зыниплъыхьащ, ауэ лIыжьым къыщыгъупщаIауэ зыри къыхуэлъэгъуакъым. Губжьауэ пэшым къыщIокIыжри, и щхьэгъусэм толъадэ:

- Дыгъуэпшыхь лейуэ гугъу зезгъэхьауэ аращ, узыгъэжей удзым хьэщIэм хуищIаIакъым. Зыри къыщымыгъупщэу екъури ежьэжащ.

- Ар щIыуэ къыщIэкIынщ! Узыгъэжей удз зыпхам Iэмал имыIэу зыгъэр къыщыгъупщэ, кIуи яджыри зэ фIыуэ пэшым зыкъыщыплъыхьыж, - жеIэ лIым.

Фыз нэпсейм пэшыр аргуэру зэ щIищыкIащ, ауэ зыри къыхуэгъуэтакъым.

Зы тэлаифи дэкIауэ, унэгуащэр ину пэшым къыщIокIынкI:

- КъыщIагъупщащ! Къыщыгъупщащ!

ЛIыр щылъэтри, пэшым зэрыгъэкIэ щIалъэдащ:

- Сыт? Сыт хъытхуигъэнар?

- Сыт къытхуигъэнауэ нэхъ уи гугъэр?! Къытхуигъэнэн дэнэ къэна, зэщгъэлъапIэ къыдимыту екъури, ежьэжащ. Мис аращ абы щыгъупщар! - жиIэри унэгуащэ нэпсейр и щхьэм быдэу еуэжащ.

ЗэзыдзэкIар **ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олегщ.**

● Зывгъэдахэ

ГуакIуэу фыщыты-ну фыхуеймэ...

Напэр гъущэмэ абы къыхуэщхьэпэну Iэмал куэд щыIэщ, унэм къыщыбгъэсэбэп хъуэ. Псалъэм папщIэ, къызэрыгуэкI сэхуран дагъэ бжэмышхышхуэу 5 псы къэкъуалъэм щхьэщыту къэвгъэхуабж, бжьэхуцкIэ напэм щыфхуэ. Дакъикьэ 15 хуэдизкIэ кIэрыпIа нэужь, кьытенар салфеткэм зыщIевгъэсфыж. Ар пщыхьэщхьэм пщIыну нэхъ къеэзгъщ.

КIэртIофым къыхэщIыкIауэ

Халъхьэхэр: бжэмышхышхуэм и ныкъуэ пхъэщхьэмыщхьэ гуэрым ипс, кIэртIоф цIынэ тхъунщIауэ бжэмышхышхуитI, зы джэдыкIэ кугъуэ.

Зэрагъэхъэзырыр: зэхэплъхьаэр зыщыщу хьуукуекIэ зэIыбощIэ.

Къыззрагъэсэбэпыр: напэр къабзэу ятхъэщIри, зэхэльыр щдхуэ. Дакъикьэ 15-кIэ кIэрыпIа нэужь, кьытенар салфеткэм зыщIевгъэсфыж. Ар пщыхьэщхьэм пщIыну нэхъ къеэзгъщ.

Йогуртым къыхэщIыкIауэ

Халъхьэхэр: фIыуэ хьуа шэфталым и купщIэу зы бжэмыщх цIыкIу, прунж хьэжьигъэу зы бжэмыщх цIыкIу, йогурт бжэмышхышхуэу тIу.

Зэрагъэхьэзырыр: а щыр фIыуэ зэхьыбогъэзэрыкъ.

Къыззрагъэсэбэпыр: напэм щеткэ щабэ цIыкIукIэ щхьэхури, дакъикьэ 20-кIэ кIэрыпIа нэужь, псы хуабжкIэ ятхъэщIыж.

МыIэрысэм къыхэщIыкIауэ

Халъхьэхэр: лимон ткIуэсиитху, зы мыIэрысэ мыин, шатэпс стэкан ныкъуэ.

Зэрагъэхьэзырыр: мыIэрысэр щIыкIу-цIыкIуу боупщатэри, шатэпсым хэпIу богъабэ. Ар хьэзыр хьуа нэужь, мафIэм кьытебгъэкIри, богъэрщIыIу. ИтIанэ лимонысэр хьбогъаткIуэри, фIыуэ зэIыбощIэ.

Къыззрагъэсэбэпыр: Напэ къабзэм щыбохуэри, дакъикьэ 15-кIэ кIэрыбогъапIэ. Салфеткэкlэ кIэрыболъэщIыкIыж.

● Псалъэжьхэр

УзымыIыгъыну къудамэм утемыувэ

◆КъодаIуэр зэгъащIи, псэлъэн къыщIэдзэ.

Абхъаз.

◆МафIэм удэмыдажэгу, псым дзыхь хуумыщI.

Абазэ.

◆ УзымыIыгъыну къудамэм утемыувэ.

Адыгей.

◆Псым зэпрыкIар уэсэпсым щемышынэ.

Балъкъэр.

◆Анэр щытхъумэ, къыумышIэ, гъунэгъуэхэм пщIэ хуащIмэ, блумыгъэкI.

Къумыкъу.

◆Шыпсыранэр нэгъуэщIым и IэкIэ кьипчыну тынщщ.

Даргин.

● Ар пэжщ

Псэльэн зимыжагъуэ щIалэ

«Нэхъыбэ дыдэрэ псэльа» унэмыныгъэм дуней псом щынэхъ пашэу 1975 гъэм кьальитауэ щытащ ильэс 26-рэ зи ныбжь, аргентин радиоепортер Мачадэ Р. Абы псэльэн щIидзащ махуэку пщIэджкыжым, и къэпсэльэныр щиучэр тхьэмахуэм шэджагъуэ нэужь хьуауэщ. Къэбгъэльагъуэмэ, ар микрофонымкIэ къэпсэльащ сыхьэт 77-рэ дакъикьэ 15-кIэ.

● Сабийхэм факъыхуеджэ

Унэгуащэ нэпсей

ИНДОНЕЗИЕ

ЕУЭЩ АБИ зы лЪыжь гуэр бззэрым щыIауэ и унэ кIуэжырт. МащIэрэ кIуа, куэдрэ кIуа, сытми гъуэгум жэщ къыщIытехъуащ. ЛIыжьыр жыжьэ къикIат, я деж нэсыжьын щхьэкIи гъуэгуанэ кIыхь эпэчыж хуейуэ иджыри къыпэщылъти, нэху къыщIекIын щIыпIэ кIылъыхъуэну мурад ищIащ. Куэд дыдэ дэмыкIыуи зы унагъуэ гуэрым екIуэлIащ.

ХьэщIэм иныгъ, хьэпшып хъушэ зэрылъ пхыгъэр унагъуэм ис унэгуащэ нэпсейм щилъагъум, ар къыIэщIигъэкIыну мурад ещI. Пэж дыдэу, а щIыхубзыр зэрынэпсейр зымыщIэ а къуажэм зыри дэстэкъым.

ЛIыжьыр хьэщIэщымкIэ яшэри, щыгъуэлъыну пIэр иратъэлъагъу.

ЗэлIэзфызыр пэшым къыщIэкIыжа нэужь, унэгуащэр щхьэгъуэсэм йоупщI:

- Уа, хьэщIэм иныгъ хьэпшыпхэр дауэ къыIэщIэзгъэкIа хьуну, ей?

- Узыгъэжей удзым хуэдэ куэду кьичи гъавэ, абы кьыщIэжьаIам хьэщIэр егъафэ.

ХьэщIэм и акъылыр абы игъэтхъуэнущ, щыгъупщэхи ищIынущ, - жеIэ лIым.

Унэгуащэм, лIым зэрыжиIам хуэдэу, узыгъэжей удз кьричщ, игъавэри, къыщIэвыкIар хьэщIэм и хьэнтхъупсым хигъэзэрыхьащ. Махуэ псом гъуэгу тета хьэщIэ лIыжьри еша-елIати, пщагъэщхьэщхьэм щрыщ зыри къимыгъанэу псори ишхащ. Лей гуэр къыкIэлъыIэзрахьэну и гум къэкIыртэкъым. Пэшым щIохьэжри, - и щхьэр щхьэнтэ зэрынэсу лIам хуэдэу Iрихащ.

ПщIэдджыжьым жьыуэ къэтэджри, лIыжьыр екъужащ. ХьэщIэр щыдэкIыжым Iэуэлъауэ макъ зэхэзыха унэгуащэ нэпсейр къыщылъэтри, пэшымкIэ жащ. Зыкъыплъыхьащ, зыниплъыхьащ, ауэ лIыжьым къыщыгъупщаIауэ зыри къыхуэлъэгъуакъым. Губжьауэ пэшым къыщIокIыжри, и щхьэгъусэм толъадэ:

- Дыгъуэпшыхь лейуэ гугъу зезгъэхьауэ аращ, узыгъэжей удзым хуэдэ къыщI